
Tribinal Deportasyon ak Imigrasyon

Pa: Enstiti pou Refòm Lwa nan Massachusetts

Revize: Mas 2025

Ofisyè imigrasyon yo ka kòmanse yon dosye kont ou nan Tribunal Imigrasyon an lè ou vyole sèten lwa imigrasyon, swa nan fwontyè a oswa Ozetazini.

Si ou gen yon dosye devan yon Jij Imigrasyon nan Tribunal, ou nan yon pwosedi pou ekspilsyon. Pafwa moun yo rele sa pwosedi depòtasyon. Pwosedi pou ekspilsyon an se pou deside si yo ta dwe depòte w soti Ozetazini. Ou ta dwe eseye jwenn yon avoka imigrasyon ki ka ede w nan pwosesis sa a. Gade <https://www.masslegalhelp.org/immigration/know-your-rights/immigration-help-referral-list>. Li ka difisil pou eksplike dosye w la epi konnen tout règ tribunal la san yon ekspè.

Ki jan m ka konnen si m oblige ale nan Tribunal Imigrasyon?

Ou resevwa yon Avi pou Prezante.

Pwosedi pou ekspilsyon an kòmanse lè ou resevwa yon Avi pou Prezante (NTA) nan men gouvènman an. Sa a se yon avi ofisyèl ki di ou dwe ale nan Tribunal Imigrasyon an pou defann tèt ou kont depòtasyon. NTA a bay lis akizasyon oswa akizasyon ki kont ou yo, oswa rezon ki fè Etazini di yo ta dwe ekspilse w soti Ozetazini.

Si ou pa gen yon NTA, ou ta dwe di Jij Imigrasyon an sa. Nenpòt moun ki gen yon dosye nan Tribunal Imigrasyon an ta dwe resevwa yon NTA.

NTA a ka gen yon dat tribunal sou li oswa li ka di ou bezwen ale nan tribunal alavni.

Ou resevwa yon lèt ki di ou dwe prezante nan Tribunal Imigrasyon an.

Olye de yon Avi pou Prezante, ou ka resevwa yon lèt nan men Depatman Aplikasyon Lwa sou Imigrasyon (ICE) k ap di w ou gen yon dat pou tribal, oswa ki di ou pral genyen yon dat pou ale nan tribal alavni.

Si ou pa sèten si ou gen yon odyans k ap vini, itilize Sistèm Otomatik EOIR a.

Ou kapab tcheke sou entènèt tou Sistèm Enfòmasyon Dosye Otomatik EOIR nan <https://acis.eoir.justice.gov/> oswa ou ka rele liy dirèk Tribunal Imigrasyon an (EOIR). Nimewo a se **1-800-898-7180**.

- Lè ou rele, liy asistans otomatik la pral mande w **Nimewo Anrejistreman Etranje, oswa "Nimewo A."** Sa se yon nimewo 9 chif ki ta dwe twouve l sou nenpòt dokiman ou genyen nan men gouvènman an ki gen rapò ak imigrasyon w. Yon egzanp se **A 123 456 789**. Si dokiman ou yo sèlman gen yon nimewo 8 chif, ajoute yon 0 anvan premye nimewo a. Pa egzanp, **A 098 123 123**.
- Apre ou fin antre nimewo A ou an, ou ka konnen ki lè pwochen dat tribunal ou a pwogramme.

Kisa pou m fè si m gen yon odyans nan Tribunal Imigrasyon an?

Pa rate odyans Tribunal Imigrasyon ou yo. Si ou pa ale, jij la ka bay lòd pou yo depòte w.

Ou kapab anmezi pou patisipe nan odyans lan nan telefòn oswa vidéyo, men konfime sa ak tribunal la. Tribunal Imigrasyon an ap pèmèt moun ale nan tribunal la pandan y ap itilize yon pwogram vidéyo yo rele WebEx. Si odyans ou a make kòm yon "Odyans sou Entènèt," odyans lan ap fèt konplètman atravè WebEx. Ou pa bezwen yon kont pou patisipe nan odyans ou an atravè WebEx, men w ap bezwen lyen espesifik pou jij ki atribye ak dosye w la. Men yon lis enfòmasyon pou kontakte tribunal la ak lyen WebEx yo: <https://www.justice.gov/eoir/eoir-immigration-court-listing>

Ou ka oblige ale nan odyans ou an pèsòn. Rele tribunal la pou konfime si ou bezwen ale an pèsòn oswa si ou ka itilize vidéyo oswa telefòn. Nimewo telefòn Tribunal Imigrasyon Boston nan se 617-565-3080.

Lè w ap prepare w pou ale nan Tribunal Imigrasyon an:

1. **Chèche adrès kote Tribunal la ye a.** Asire ke ou konnen fason pou rive nan adrès la, epi si w ap kondui, ki kote ou ka pakin.
2. **Rive bonè.** Asire ke ou kite tan pou w pase nan liy sekirite a nan tribunal la.
3. **Konekte.** Lè ou rive nan tribunal la, pral jeneralman genyen yon lis kote ou ta dwe siyen non w pou pèmèt Tribunal la konnen ou prè. Si ou pa sèten ki kote pou ou ale, mande anplwaye tribunal la oswa ajan sekirite yo.

-
4. **Tann yo rele non w.** Si yo pa rele non w, pale ak yon moun ki travay nan tribinal la **anvan ou kite batiman** an.

Organizasyon Karitatif Katolik la gen yon BiwoAsistans kote ou ka jwenn plis enfòmasyon sou dosye w la, jwenn èd pou kèk dosye, epi jwenn rekòmandasyon pou asistans legal. Ou ka kontakte yo nan telefòn nan 617-464-8000 oswa pa imel nan ichadmin@ccab.org.

Kisa ki pral pase nan odyans ekspilsyon mwen nan Tribunal Imigrasyon an?

Premye fwa ou gen yon odyans nan tribunal, ou pral gen yon "**Odyans sou Kalandriye Prensipal**." Pral gen plizyè moun nan sal tribunal la (oswa sou vidéyo):

- **Jij Imigrasyon An.** Travay Jij Imigrasyon an se pran yon desizon sou dosye w la.
- **Avoka gouvènman an.** Travay avoka sa a se pou l'eseye montre poukisa yo ta dwe depòte w.
- **Yon entèprèt.** Si ou pa pale Anglè byen, Tribunal Imigrasyon an dwe gen yon entèprèt pou ou. Si pa gen yon entèprèt, mande yon lòt odyans avèk yon entèprèt.
- **Avoka ou an, si ou genyen youn.** Ou ta dwe eseye jwenn yon avoka ki ka ede w nan pwoesisis sa a. Si ou pa gen yon avoka, ou ka mande jij la plis tan pou jwenn youn.

Nan Odyans sou Kalandriye Prensipal la, Jij Imigrasyon an ka pwograme yon lòt odyans pou bay gouvènman an yon chans pou pwouve poukisa yo ta dwe depòte w oswa pou w soumet aplikasyon ki ta ka anpeche depòtasyon w lan. Jij la ka ba w plis tan tou pou jwenn yon avoka. Aprann plis sou Odyans sou Kalandriye Prensipal la nan Manyèl Oto-Asistans PAIR Project la (an Anglè, <https://www.masslegalhelp.org/immigration/detention-deportation/chapter-2-attending-your-first-immigration-court-hearing>).

Yon lòt tip odyans yon Jij Imigrasyon ka pwograme rele yon "**Odyans Endividylè**." Se lè sa a ou gen chans pou prezante dosye w la bay jij la si ou kwè yo pa ta dwe depòte w selon lalwa. Odyans Endividylè la se yon chans pou Jij Imigrasyon an konsidere tout prèv yo, agiman yo, ak pou tandem temwayaj ou menm oswa lòt temwen yo. Aprann plis sou fason pou prpeare w pou Odyans Endividylè ou an nan Manyèl Asistans Pèsonèl PAIR Project a (an Anglè, <https://www.masslegalhelp.org/immigration/detention-deportation/chapter-11-preparing-your-individual-hearing-immigration-court>).

Èske m ka kanpe yon depòtasyon?

Gen diferan fason ou ka defann tèt ou kont depòtasyon. Ou ta dwe eseye pale ak yon avoka imigrasyon ki kalifye oswa yon reprezantan ki akredite pa Komisyon Kontestasyon Imigrasyon an (BIA) pou jwenn konsèy legal sou dosye w la.

Si ou kalifye pou yon fòm soulajman, ou dwe soumèt yon aplikasyon pou anpeche depòtasyon w lan.

Selon tip demann ou fè devan jij la, ou ka bezwen ranpli yon aplikasyon epi voye l pa lapòs bay Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini an (USCIS).

Pou lòt tip demann, ou pral ranpli yon aplikasyon ke ou pral remèt bay Jij Imigrasyon an.

Toujou fè kopi fòmilè w yo. Bay avoka gouvènman an yon kopi epi kenbe youn pou ou.

- Azil: <https://www.masslegalhelp.org/immigration/asylum-seekers-temporary-protected-status/asylum>
- Viza U: <https://www.masslegalhelp.org/domestic-abuse-crime-victims/dv-abuse-immigration/u-visas-victims-crime>
- Viza T: <https://www.masslegalhelp.org/domestic-abuse-crime-victims/dv-abuse-immigration/t-visas-victims-trafficking>
- Petisyon VAWA yo: <https://www.masslegalhelp.org/domestic-abuse-crime-victims/dv-abuse-immigration/vawa-and-other-options-survivors-domestic>
- E stati Espesyal pou Imigran Timoun: <https://www.masslegalhelp.org/immigration/immigrant-youth/special-immigrant-juvenile-status>

Yon lòt fòm soulajman se sa yo rele "**Anilasyon Ekspilsyon**." Gen moun ki rele sa "Iwa 10 ane a." Pou kalifye, ou dwe nan pwosedi depòtasyon epi:

- T ap viv yon fason kontini Ozetazini pandan 10 dènye ane yo;
- Montre ke si yo ta ekspilse w soti Ozetazini, sa t ap lakoz "difikilte eksepsyonèl ak difikilte ki ekstrèmman inabilityèl" pou manm fanmi w ki se Sitwayen Etazini oswa Rezidan Pèmanan Legal yo (LPR);
- Montre ou genyen "bon karaktè moral"; epi
- Montre ke yo pa te kondane w pou sèten krim oswa ou pa te vyole sèten Iwa.

Ou ka sèlman aplike pou Anilasyon Ekspilsyon an devan yon jij imigrasyon. Si ou panse ou kalifye pou fòm soulajman sa a epi avoka gouvènman an ofri pou "fèmen"

oswa "ranvwaye" dosye w la, ou ka vle konsidere si ou kalifye. Si jij imigrasyon an di ou kalifye pou estati sa a, ou ka jwenn yon kat vèt epi kanpe depòtasyon an.

Pou aprann plis, gade Manyèl Oto-Asistans PAIR Project la. Chapit 6: Anpeche Imigrasyon Depòte w Sòti Ozetazini (an Anglè, <https://www.masslegalhelp.org/immigration/detention-deportation/chapter-6-preventing-immigration-deporting-you-us>)

Èske m ka mande plis tan pou m jwenn yon avoka?

Wi. Ou ka mande Jij Imigrasyon an pou plis tan pou jwenn yon avoka. Anjeneral, jij la pral ba w yon nouvo dat pou ou vin nan tribunal la pou ou ka gen plis tan pou angaje yon avoka. Yo p ap ba w yon avoka.

Kisa k ap rive si m pa ale nan Tribunal Imigrasyon an?

Li enpòtan anpil pou ale nan chak dat ki pwogram nan Tribunal Imigrasyon an, menm si ou pa gen avoka. Si ou pa ale, jij la pral ba ou yon lòd pou yo depòte w, menm si ou pa la.

Gade Manyèl Oto-Asistans PAIR Project la, Chapit 13: Lè ou Rate yon Odyans ak Sa Pou Fè (an Anglè, <https://www.masslegalhelp.org/immigration/detention-deportation/chapter-13-missing-hearing-and-what-do>).

Kisa k ap pase si mwen demenaje oswa chanje adrès mwen pandan dosye mwen an ankou?

Si ou te gen nenpòt kontak ak otorite imigrasyon Etazini oswa ou te deja ale nan Tribunal Imigrasyon, li enpòtan anpil pou ou di tribunal imigrasyon an ak responsab imigrasyon yo chak fwa ou demenaje pou yo ka fè ou konnen lè ou gen yon odyans. Ou gen 5 jou apre ou fin demenaje pou bay tribunal la ak otorite imigrasyon yo nouvo adrès ou a. Gen yon fòmilè espesyal pou voye nouvo adrès ou a. Ou ka jwenn fòmilè a nan Tribunal Imigrasyon an oswa sou entènèt nan <https://www.uscis.gov/article-11>. Ou dwe voye yon kopi bay avoka gouvènman an tou. Si ou pa sèten oswa ou gen kesyon sou fason pou ou di tribunal la ou te demenaje, pale ak yon avoka imigrasyon oswa yon lòt founisè sèvis.

Aprann plis nan Manyèl Oto-Asistans PAIR Project la, Chapit 9: Chanjman Adrès (an Anglè, <https://www.masslegalhelp.org/immigration/detention-deportation/chapter-9-change-address>).

Ki moun ki arisk pou depòtasyon?

Si ou se yon imigran epi sitwayen yon lòt peyi, ou ka fè fas ak depòtasyon si ou pa respekte lwa imigrasyon yo. Se sèlman sitwayen Etazini ki pa fè fas ak risk depòtasyon.

- Yo ka depòte w si ou te antre Ozetazini san pèmisyon gouvènman Etazini an.

- Yo ka depòte w si ou te antre avèk pèmisyon men ou te rete apre viza oswa pèmisyon ou a te ekspire.
- Yo kapab depòte w tou si ou komèt sèten krim, menm si ou gen yon viza oswa yon kat vèt ki valid.

Si ou twouve w nan nenpòt nan sitiyasyon sa yo, li enpòtan pou w ale nan tout odyans tribunal yo jiskaske dosye w la rezoud.

Depòtasyon se yon bagay ki grav anpil epi ou pa ta dwe eseye jere l poukont ou. Jwenn èd yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans pou aprann plis bagay sou dwa w yo. Menm si tribunal la pa ba w yon avoka gratis, gen avoka gratis oswa ki pa koute anpil lajan ki ka ede w. Ou gen dwa gen ak yon avoka, men se pa youn ki gratis. Gade yon lis founisè sèvis legal gratis yo.

Plis Resous

Jwenn Èd Legal

Fè atansyon ak fwòd ak eskwokri nan zafè imigrasyon. Pale avèk yon òganizasyon ou fè konfyans anvan ou kòmanse nenpòt pwosesis imigrasyon.

Pou jwenn pwogram legal imigrasyon gratis ak a pri abòdab, itilize:

- Lis referans pou tout eta a: <https://www.masslegalhelp.org/immigration/know-your-rights/immigration-help-referral-list>
- Jwenn Resous Legal nan Massachusetts (Anglè ak Espanyòl):
<https://masslrf.org/en/home>

Manyèl Oto-Asistans

Manyèl Oto-Asistans pou Moun ICE Mete Nan Detansyon (PAIR Project, 2024, an Anglè): <https://www.masslegalhelp.org/immigration/detention-deportation/self-help-manual-people-detained-immigration-ice>

Konsènan MassLegalHelp

MassLegalHelp.org se yon sit entènèt ki gen enfòmasyon gratis epi pratik sou dwa legal ou yo nan Massachusetts. Se pwogram asistans legal, avoka, ak patnè kominotè nou yo ki ekri epi revize enfòmasyon nou yo.